

BIWO MEDYATÈ KOREKSYON YO
P.O Box 855 Trenton, New Jersey 08625

FÒMILÈ DEMANN POU ASISTANS

Biwo Medyatè Koreksyon yo (Office of the Corrections Ombudsperson, OCO) se yon ajans endepandan ak net ki angaje l pou l pwoteje sekirite, sante ak byennèt moun ki nan prizon nan eta New Jersey. Nou alafwa trete ni pwoblèm endividyèl ni pwoblèm sistèmik nan fè obsèvasyon endepandan, nan revize dosye, nan poze kesyon, nan bay referans, nan rekòmande amelyorasyon, nan pibliye rapò, ak nan bay enfòmasyon. Menm si nou ofri konsèy sou politik NJDOC epi n ap milite pou amelyorasyon, nou pa gen otorite pou nou chanje politik, pou nou bay konsèy jiridik, oswa pou nou mandate tretman medikal espesifik. Nou ka evalye enkyetid ki gen rapò ak swen medikal, men nou pa ka dyagnostike maladi ni preskri tretman patikilye.

Anvan ou kontakte nou, tanpri eseye rezoud pwoblèm nan atravè sistèm ransèyman ak reklamasyon NJDOC la avan. Aksyon sa yo vin fè pati dosye pèmanan Depatman an epi yo ka kontribye nan pwoteje dwa legal ou si vin gen lòt mezi ki nesèsè.

Pou pwoblèm sante oswa sekirite ijan, tanpri avèti anplwaye NJDOC yo imedyatman.

Telefòn: 555-555-5555 Orè biwo: (8:00am – 4:00pm)

ENFÒMASYON MOUN KI NAN PRIZON AN

NON

SBI

ETA

ENSTITISYON

INITE LOJMAN

DAT

NATI DEMANN LAN:

Dat ensidan an:

Kote ensidan an fèt:

- Ransèyman / Reklamasyon yo soumèt bay JPay

- MR – 007 yo soumèt

Dekri enkyetid ou a tou kou epi byen klè. Tanpri soumèt yon sèl fòmilè oswa fè yon sèl apèl telefonik pou chak pwoblèm. Itilize lòt papye ankò si ou bezwen: _____

Dekri tantativ ou te fè avan yo pou rezoud pwoblèm nan, ak tout nimewo referans epi non anplwaye ou te pale de enkyetid la avèk li a.

Anplwaye OCO yo eseye reponn a lè.

Tanpri, pran pasyans pandan n ap travay pou nou rezoud enkyetid ou a. Plede voye kopi demann nan pa pral akselere repons yo.